



## Ki lè pou konsilte nan sal dijans la?

Yon timoun ki gen lafyèv pa toujou bezwen konsilte.

Afyèv se yon reyakson nòmal nan kò imen an lè ekspoze a sèten virus oswa bakteri. Li karakterize pa yon ogmantasyon nan tanperati kò a. Li se mekanis defans nòmal kò a. Yon timoun ki gen lafyèv ta dwe rete lakay li.

Ka timoun yo, enfeksyon yo pi souvan koze pa virus, tankou refwadisman komen, grip oswa gastroanterit. An jeneral, enfeksyon sa yo pa dire trè lontan epi yo geri poukонт yo.

Swen nan kay la ka fè timoun nan pi alèz pandan peryòd gerizon an.

Konsilte [Québec.ca](#) pou plis enfòmasyon sou swen ou ka bay pitit ou a ak ki lè li pi bon pou w konsilte yon doktè:

- [Lafyèv nan timoun yo](#)
- [Grip \(influenza\)](#)
- [Ijyèn nan nen](#)
- [Gastroanterit \(gastro\)](#)

Gid [Mieux-vivre avec notre enfant de la grossesse à 2 ans](#) tou gen anpil enfòmasyon itil.

Ou panse ou bezwen konsilte?

- Si pitit ou a gen yon doktè fanmi, rele klinik li an.
- Si pitit ou a pa gen you doktè fanmi, rele Kontwa aksè premye liy lan nan 811, opsyon 3.
- Si w bezwen konsèy oswa si w pa sèten si w ta dwe konsilte, kontakte Info-Santé 811, opsyon 1, pou jwenn aksè nan liy priyorite pou paran timoun ki gen laj 0 a 17 an. Yon enfimyè ka ede w byen vit.

Pa ezite konsilte famasyen ou pou konsèy sou ki medikaman yo itilize ak pou lòt konsèy sante.